Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 48 (7397)
14 Ноябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт Шамилькала тел 55-62-87

**РЕШЕНИЕ**
**О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в МО «Унцукульский район», должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в МО «Унцукульский район», исходя из которых определяются нормативы формирования расходовна оплату их труда**

**Принято Собранием депутатовмуниципального района**
**от «07» ноября 2019 г. №_29_**

В соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 10 октября 2019 года №244 «О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в Республике Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда»

Собрание депутатов муниципального района **РЕШАЕТ:**

1. Повысить с 1 октября 2019 года в 1,043 раза размеры денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в МО «Унцукульский район», должностных окладов муниципальных служащих в МО «Унцукульский район», окладов за классный чин муниципальных служащих в МО «Унцукульский район», исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда, утвержденные постановлением администрации МО «Унцукульский район» от 12 августа 2010 года № 75 и увеличенные на основании постановлений администрации МО «Унцукульский район» от 18 октября 2012 года, от 12 сентября 2013 года № 127,128, от 17 января 2014 года № 6 и от 09.01.2018г. №02.

Вступление в силу настоящего Решения.

Настоящее Решение вступает в силу по истечении 10 дней со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2019 года.

**И.о. главы муниципального района**
**А. Магомедов**

## Жанисел ишазул хIалтIухъабазул Къоялде



Дагьал церегIан къоязда районалда тIобитIана жаниселишазулхIалтIухъабазул Къоялда хурхараб рохалилаб тадбир.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI-М. МухIамадов, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, полициялъул полковник С. ХIажиев, районалда вугев ОМВДялъул нач. командировкаялъ районалде рачIарал Нижегородскиялъул полициялъулал, ОМВДялъул ветеранал, ветераназул Советалъул пред. М-З. ГIабдулвагьабов ва гIемерал цогидалги.

Тадбиралъул байбихьуда мемориалияб комплексалда цебе тIугьдузул горал лъуна, ихтиярал цIунулаго нилъедаса ратIалъарал полициялъул хIалтIухъабазул хIурматалда. Гьениб данделъи рагьана ва баркиялъул кIалъайгун кIалъазе вахъана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев. Хадуб тадбир ана ОМВДялъул данделъабазул залалда. Гьениб баркиялъул кIалъаял гьаруна ГI-М. МухIамадовас, полициялъул полковник А. Николаевичас, поселокалъул администрациялъул бетIер М-ХI. ХIажиевас ва цогидазги.

Хадуб букIана жидерго тIадал ишал тIуразарулаго рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ баркалаялъул кагътал кьей. Гьезда гьоркьор руго: С. ХIажиев, Гъ. ГIалиев, М. ГIалиев, М. ГIабдурахIманов, З. Раджабов, ХI. Мансуров, ГI. ГIабдулхIамидов, А. Асланбегов, ХI. ХIасанов, А. Эфендиев, М. МухIамадов гьединго А. Зимин, Ю. Кабанов, И. Савельев, ва Е. Снегирев.

Данделъиялда грамотаби кьуна дагьал церегIан къоязда «Верни ЮИДовской стране»,-абураб, гIун рачIунел инспекторазул багъа-бачариялда кIиабилеб бакI ккурал Шамилхъалаялъул цIалдохъабазе.

## КIвар бугел суалал

I2 ноябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана администрациялъул аппаратгалъул совещание. Гьенир гIахьаллъана замал ГI. МухIамадов, М. ХIамзатов, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, юрист У. Бартыханова, экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, ЖККХялъул отделалъул начальник А. ГIабдулхаликъов, «ЕИС» МБУялъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев ва цогидалги.

Данделъиялда гьоркьор лъезе росун рукIана хадусел суалал: бакIал рай, налогал ракIари, финансаздалъун хьезари, неформалияб занятость тIатинаби, тIоритIизе ругел спортивиял тадбирал.

Жакъасеб къоялде налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицана М. ГIадуевас. Гьесул ргIабазда рекъон план тIубан буго I00,8 проценталъ, неформалияб занятость тIатинабиялъул – 99 проценталъ.

Жиндирго кIалъаялда Ж. Шамсудиновас бихьизабуна лъагIалил ахиралде киналго бутIаби финансаздалъун хьезаризе ругилан. Лъай кьеялъул бугеб хIалалъул бицана Л. МухIамадгIалиевас. Гьес бицана районалда 9 октябралда байбихьараб ва 27 декабралде щвезегIан халат рахъине ругел предметиял олимпиадаялъул хIакъалъулъ. Гьел унел руго щибаб гьатIан къоялъ.

Хадубги районалда бакIал раялъулгун ремонтал гьариялъул суалалъул баян кьуна А. ГIабдулхаликъовас. Гьес бицана Балахьуни школа баялъул, Унсоколо лъим бахъиялъул, Рихьуни росулъ лъел резервуаралъе ремонт гьабизе байбихьиялъул, Генубе лъим бачиналъе хIалтIаби гьаризе байбихьиялъул, гьединго ГIашилтIа росулъ лъел хIоралъе ремон гьабулеб букIиналъул ва гьединго цогидалги хIалтIаби гьарулел рукIиналъул.

Бицана Унсоколо росулъ спортзалалъе капиталияб ремонт гьабун рагIалде бахъиналъул, районалъул бетIерас гьеб рагьиялъе тадбир гIуцIизе тIадкъана.

«БакIал раялда гIемерал хIалтIаби унел руго районалда, гьорлъе рачун руго росабазул гIемерал гIадамал, нилъеца хIаракат бахъизе ккола лъагIалил ахиралде тIаде росарал хIалтIаби лъугIизаризе»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас.

## ХIалтIабазул иналъул хал гьабуна

Талат къоялъ районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас хал гьабуна Балахьуни школа баялда хIалтIаби унел ругеб куцалъул.

Школа балеб буго РДялъул инвестиционнияб Поrраммаялда рекъон 59766,386 азарго гъурущги тIад харж гьабун. БетIерас бихьизабуна школалда гIемерал хIалтIаби гьарун ругин, тIадеги ран ругин цIиял корпусал ва цIиял классал,-абун.

Дандрана ва цойиде ккезаруна хIалтIаби гьарулаго дандчIварал захIмалъаби. Гьединго школалда ГI. МухIамадович данчIвана учительзабигун. Гьеб гуребги хал гьабуна цIалдохъабазда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул, школалде лъимал ритIуларел умумазулгун гьабуна гара-чIвари. Хал гьабуна Балахьуни ясли-ах баялда, Майданскоялда футболалъе поле гьабиялда хIалтIаби унел ругеб куцалъулги.

Футболалъул поле гьаби рагIалде бахъунеб буго. ХIалтIаби лъугIидал районалъул кIвараналъул мини-футбол хIазе лъикIаблъун бихьизабуна бетIерас.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН
# Собрание депутатов муниципального района

## РЕШЕНИЕ
## О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2019 год и плановый период 2020-2021 гг.» от 27 февраля 2019 года №96

**Принято Собранием депутатов муниципального района от «07» ноября 2019 г. №_28_**

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2019 год» от 25 декабря 2018 года №93, с изменениями внесенными Законом РД от 20 сентября 2019 года №73, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО "Унцукульский район" на 2019 год

Собрание депутатов муниципального района **РЕШАЕТ:**

Внести изменения и изложить в следующей редакции:

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 г.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 г.:

1.1 прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год в сумме 768039,7 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского и федерального бюджета, в сумме 676271,1 тыс. руб., рублей, в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и распределению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района – 51295,0 тыс. руб.; внебюджетных средств от денежных пожертвований 2799,1 тыс. рублей;

1.2 общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год в сумме 813079,6 тыс. руб.;

1.3 верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2019 года в сумме 0 руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

1.4 предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2019 год – 0 рублей;

1.5 дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 20339,885 тыс. рублей.

4. Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

**Статья 4. Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год.**

1. Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2019 год – 7118,2 тыс.рублей.

2. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2019 год согласно приложению №7 к настоящему Решению.

3. Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей 1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2019 г. согласно приложению № 9 к настоящему Решению.

4. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2019 год согласно приложению №25 и 26 к настоящему Решению.

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,7,9,11,13,22,25,26 к настоящему решению, в том числе:

а) Средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 12011,0 тысяч рублей, в том числе:

- Средства субсидии в сумме 233,742 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить на софинансирование расходных обязательств на поддержку отрасли культуры, в том числе:

в МКУ Отдел культуры Администрации МО «Унцукульский район» в общей сумме 183742,29 рублей, из них: «подключение общедоступных библиотек к сети Интернет» в сумме 130753,54 рублей и на «комплектование книжных фондов библиотек» в сумме 52988,75 рублей

в Администрацию МО «Унцукульский район» в сумме 50,0 тыс.рублей рублей для последующего перечисления на счет Администрации МО «Сельсовет Араканский» на государственную поддержку лучших работников сельских учреждений культуры (Абдулгамидова Алжанат Абдулгамидовна – директор МКУ «ЦКД Администрации МО «сельсовет Араканский)».

- Средства субсидии в сумме 4271,6 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на софинансирование расходных обязательств для завершения работ по строительству футбольного поля в с.Унцукуль.

- Средства субсидии в сумме 5619,61 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить в Администрацию МО "Унцукульский район" на софинансирование расходных обязательств на капитальный ремонт следующих муниципальных казенных общеобразовательных учреждений по программе «150 школ»:

-МКОУ Ашильтинская СОШ в сумме 1900,0 тыс. рублей;
-МКОУ Гимринская поселковая СОШ в сумме 1790,0 тыс. рублей;
-МКОУ Цатанихская СОШ в сумме 1929,61 тыс. рублей.

- Средства субсидии в сумме 72,1 тысяч рублей направить на расходы по повышению квалификации муниципальных служащих района в сумме 43,081 тыс. рублей в Администрацию МО "Унцукульский район" и муниципальных служащих поселений в общей сумме 29,028 тыс. рублей, из них:

- МО «село Ирганай» в сумме 9,676 тыс. рублей
- МО «сельсовет Унцукульский» в сумме 9,676 тыс. рублей
- МО «село Ашильта» в сумме 9,676 тыс. рублей

- Средства субвенции в сумме 279,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на реализацию основных общеобразовательных программ Госстандарт школы «Точка роста» на заработную плату с начислениями МКОУ Унцукульская СОШ №1.

- Средства субвенции в сумме 453,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также вознаграждение причитающееся приемному родителю.

- Средства субвенции в сумме 1081,938 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на предоставление двух жилых помещений детям-сиротам и детям, оставшимся без попечения родителей.

б) Внебюджетные средства от денежных пожертвований меценатов в общей сумме 2799,1 тысяч рублей направить в Администрацию МО "Унцукульский район" на софинансирование расходных обязательств на капитальный ремонт муниципальных казенных общеобразовательных учреждений по программе «150 школ» в сумме 2280,0 тыс. рублей, в том числе:

-МКОУ Ашильтинская СОШ в сумме 900,0 тыс. рублей;
-МКОУ Гимринская поселковая СОШ в сумме 510,0 тыс. рублей;
-МКОУ Цатанихская СОШ в сумме 370,0 тыс. рублей;
-МКОУ Зиранинская СОШ в сумме 500,0 тыс. рублей.

на софинансирование расходных обязательств для завершения работ по строительству футбольного поля в с.Унцукуль. в сумме 519,1 тыс. рублей.

в) Средства от денежных взысканий, налагаемые в возмещении ущерба, причиненного в результате незаконного или нецелевого использования бюджетных средств в сумме 221,0 тысяч рублей направить в Администрацию МО "Унцукульский район" на расходы дорожного фонда.

г) Средства источников финансирования дефицита бюджета, а именно бюджетного кредита из республиканского бюджета, в сумме 24700,0 тысяч рублей направить на увеличение лимитов бюджетных обязательств на 2019 год Администрации МО "Унцукульский район" на аварийно-восстановительные работы зоны резервуаров в сел. н.Ирганай в сумме 13291,9 тыс. рублей и на ремонтно-восстановительные работы водопровода для с. Гимры в сумме 11408,1 тыс. рублей.

5. Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

**Статья 7. Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».**

1. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2019 г. согласно приложению №3 к настоящему Решению.

2. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2019 г. согласно приложению № 11 к настоящему Решению.

**Статья 11. Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**И.о. главы муниципального района**
**А. Магомедов**

Ахихъан

Районалъул газета
№ 48 (7397)
Хамиз
14 ноябрь 2019 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере

Приложение 22
О внесении изменений в Решение Собрания депутатов
МО «Унцукульский район» «О бюджете МО «Унцукульский район»
на 2019г. и плановый период 2020-21гг.» от 27 февраля 2019 г. №96
**от _07_ ноября 2019 г. №_28_**

# Баланс
# финансовых ресурсов МО «Унцукульский район» на 2019 год

*(тыс. руб.)*

| № п/п | Доходы бюджета | сумма | | Расходы бюджета | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Налоговые доходы** | 86248,594 | 1 | Расходы бюджета | |
| | - НДФЛ | 64894,55 | | 0100 | 33152,41 |
| | - Акцизы (ГСМ) | 13596,9 | | 0200 | 1611,0 |
| | - УСНО | 6628,244 | | 0300 | 3293,46 |
| | - ЕНВД | 676,0 | | 0400 | 38580,89 |
| | - ЕСХН | 108,9 | | 0500 | 34563,36 |
| | - госпошлина | 344,0 | | 0700 | 594494,21 |
| 2 | **Неналоговые доходы** | **2721** | | 0800 | 31029,31 |
| 3 | **Безвозмездные поступления** | **679070,155** | | 1000 | 13827,84 |
| | - Дотация | 158920,3 | | 1100 | 7610,17 |
| | - субсидии | 20798,529 | | 1200 | 3127,19 |
| | - субвенция | 496552,242 | | 1300 | 11,50 |
| | - прочие безвозмездные поступления | 2799,084 | | 1400 | 51778,30 |
| | **ИТОГО ДОХОДОВ** | **768039,749** | | **ИТОГО РАСХОДОВ** | **813079,634** |
| 4 | **Источники финансирования децицита бюджета** | **-45039,885** | | | 0 |
| | Получение кредитов от других бюджетов бюджетной системы РФ | 24700 | | | |
| | Изменения остатков | -20339,885 | | | 0 |

# Информационное сообщение

Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД объявляет о проведении журналистского конкурса среди республиканских средств массовой информации на лучшее освещение вопросов противодействия коррупции. Конкурс проводится в соответствии с государственной программой РД «О противодействии коррупции в Республике Дагестан».

Цель Конкурса - формирование системной информационной политики по противодействию коррупции, усиление активности медиасообщества Республики Дагестан по освещению антикоррупционной деятельности органов государственной власти РД, антикоррупционное просвещение населения республики.

Участниками Конкурса могут быть электронные и печатные средства массовой информации Республики Дагестан, а также отдельные авторы (авторские коллективы).

Принимаются заявки на участие в номинациях «Публикация в печатных СМИ» и «Публикация в электронных СМИ». К рассмотрению принимаются работы, размещенные в печатных и электронных СМИ в 2019 году. Общий объем печатных работ - не менее 1 полосы формата А3, видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на дисках. К материалам на национальных языках должны быть приложены переводы на русском языке в печатном варианте. В качестве одного из критериев оценки работ выступает активное продвижение материалов в социальных сетях. Ссылки на публикации в сети Интернет должны быть приложены к заявке.

Работы оценивает Конкурсная комиссия из представителей Министерства информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан и других органов власти и заинтересованных структур.

Итоги конкурса будут подведены до 31 декабря 2019 г. и опубликованы в республиканских средствах массовой информации и на сайте Министерства информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Для победителей Конкурса учреждаются премии.

Для электронных СМИ: первая - 65 тыс. рублей, вторая - 50 тыс. рублей, третья -35 тыс. рублей.

Для печатных СМИ:

первая - 65 тыс. рублей, вторая - 50 тыс. рублей, третья - 35 тыс. рублей.

Награды присуждаются за систематическое глубокое и яркое освещение антикоррупционной тематики, профессионализм и оригинальность подачи материалов.

Работы принимаются в срок до 15 декабря 2019 г. по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова 1а, Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан, 2 этаж, каб. 8, отдел по взаимодействию со СМИ, тел.: 51 03 54.

# Капитальный ремонт спортивного зала

В текущем году за два месяца в МКОУ «Унцукульская СОШ №1» была произведена реконструкция здания-ремонтные работы помещения спортивного зала общей площадью более 300 кв.м.

Данная работа была проведена в рамках программы Министерства образования и науки РД по капитальному ремонту пришкольных спортивных залов.

Из этой площади 53 кв.м — раздевалка, сам спортзал -253кв.м , площадка перед ним- 35кв.м .

В ходе ремонтных работ произведено освещение, обновлено красочное покрытие пола, проведена отопительная система и т.д.

На территории спортзала кроме раздевалки имеется также и тренерская комната.

Кроме того, на базе школы установлена воркаут-площадка площадью 113кв.м, с каучуковым покрытием пола и кафельной плиткой прилегающей к нему территории.

Как отметил коллектив школы: «Реализация данной программы дает возможность молодежи проявить себя в спортивных направлениях».

Дети наше будущее !

## Сообщите где торгуют смертью




С 11 по 22 ноября идет второй этап Общероссийской акции «Сообщите где торгует смертью»

**Телефон горячей линии 99-60-33**

## «Дети России»



С 11 по 22. 11. 2019 г. идет второй этап оперативно профилактической операции «Дети России – 2019 г.».

**Телефон горячей линии 99-60-33**

Нилъер гIадамал

# Махщел бугев устар



МухIамадгIали МухIамадгIалиев ккола халкъияб художественияб махщалил «Унцукульская орнаментальная насечки» Россиялъул пачалихъияб, «Душа Дагестана» премиязул лауреат, Россиялъул художниказул союзалъул член, Халкъазда гьоркьосеб АИАП- ЮНЕСКО ассоциациялъул член.

Жиндирго махщалидалъун МухIамадгIалица Дагъистан лъазабулеб буго республика тун къватIисел пачалихъаздаги. Щибаб санайил гIатIилъулеб буго МухIамадгIалил махщалица машгъур гьарулел пачалихъазул география. ЦохIо 2019 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалида МухIамадгIали щвана Франциялде, Астраханалде, Грозныялде, Чехияде, Азербайджаналде, Армениялде, декабралда абуни ракIалда буго Москвалде РФялъул пачалихъияб премия босизе сапаралде ине.

МухIамадгIалица бицухъе 18 июлалдаса байбихьун тIубараб моцIалъ гьев гIахьаллъана Франциялда Дагъистаналдаса «Эхо гор» Халкъияб Творчествалъул РукъалъулгIахьалчагIигун цадахъ тIобитIулеб «Дни народного творчества РД во Франции» мероприятиялда. Тадбир тIобитIулеб букIана кIиябго пачалихъалда гьоркьоб культурияб коммуникация цебетIезабиялъул мурадалда. Франциялда вукIаго гьес гIахьаллъи гьабуна халкъазда гьоркьосеб щуго батIияб фестивалазда. Выставказда МухIамадгIалица дунялалъулго лъай-хъвай гьабуна нилъер умумазул, дунялалда цоги гьечIеб махщалилгун – цIулада накъищ кьабигун.

Гьесул выставказда рукIана: вазаби, подсвечникал, хьитал ретIунел жал, шкатулкаби ва гIемерал цогидаби къайи. Балагьизе рачIаразул беразулъ бихьулеб букIана гьорлъ ххвелал гьечIеб интерес.

Франциялдаса тIад вуссун хадуб сапар бухьуна Астраханалде. Гьениб Астраханский об-ласталъул культураялъул министерствоялъ гьесие шапакъат кьуна «Этно-ярмарка. Южный базар» мероприятиялда гIахьал-лъаралъухъ.

Сентябралда МухIамад-гIалица гIахьаллъи гьабуна анцIабилеб нухалда Грозныялда тIобитIулеб Кавказалъул культуриябгун спортивияб мероприятиялда.

Октябралда Чехиялъул тахшагьар Прагаялда тIобитIана «Новые рус-ския фильмы» фести-валь. Фильм бахъун букIана Дагъистаналъул хIакъалъулъ Австриялъул цIар рагIарав режиссерас. «VisitDagestan» проекталъул руководитель, МахIач ВагьабовасулрагIабазда рекъон кинорежиссер гIажаиблъизавун вукIана нилъер тIабигIаталъ, фестивалалде рачIарал гIажаиблъизарун рукIана МухIамадгIалил махщалица.

Хадубги МухIамадгIали щвана Азербайджаналъул тахшагьар Бакуялде. Гьениб кIиябго пачалихъалъул – Россиялъул ва Азербайджаналъул культураялъул министерствабаз гIуцIун букIана «Роль межкультурного диалога в сохранении культуры и традиций народов» тадбир. Халкъазда гьоркьосеб Мугама централъул фоеялда унеб букIана кIиябго пачалихъалъул халкъияб творчествалъул выставка. Кутакалда разиго хутIана балагьизе рачIарал МухIамадгIалил махщалидаса.

Иргадулаб «Мастер – золотые руки» фестиваль тIобитIана МахIачхъала шагьаралда. Лъабго батIияб номинациялда цере рахъине кколаан гьенир. «Художественные изделия из дерева с орнаментальной насечкой» номинациялда хIур-матияб лъабабилеб бакI щвана, инсул махщалил ирс босарай, МухIамадгIалил яс МуъминатIие.

Хадусеб сапар МухIамадгIалил букIана Арменияль де. Ереваналда унеб букIана Дагъистаналдаса предпринимателазул бизнес – форум.

МухIамадгIалица бицана кватIичIого, 4 декабралда Москваялде унев вугин «Народный мастер» хIурматияб цIар кьеялъул мероприятиялде. Гьеб кьезе буго П. И. Чайковскиясул цIаралда бугеб концертнияб залалда. Баркула гьесда гьеб тIадегIанаб пачалихъалъулаб шапакъат.

ГIемерал батIи-батIиял махщелал руго Дагъистаналда, амма МухIамадгIали ХIусейновичас бихьизабулеб ансадерил цIулада накъищ бекьиялъул устарлъиялъ цо хасаб бакI ккола гьениб.

**РахIмат КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

# Районалъул цIалдохъабазулгун дандчIвай

Дагъал церегIан къоязда Генуб гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалда тIобитIана, наркотиказда данде чIараб, ТIолгороссиялъул кIвараалъул «Сообщи, где торгуют смертью!» ва оперативиябгун профилактическияб «Дети России-2019» тадбир.

Тадбиралъул программаялда рукIана: наркотиказул, экстремизмалъулгун терроризмалъул зараралъул бицунел роликал, тIаде рачIарал хIурматиял гьалбадерил кIалъаял ва цогидаби.

Мероприятиялда гIахьаллъана: хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, РДШялъул регионалияб отделениялъул председатель А. ХIайбулаев, Россиялъул Госдумаялъул депутат Б. Сайтиевасул кумекчи ХI. ХIамзатов, Дагъистаналъул Муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул Унсоколо районалда вугев вакил Х. Пайзулаев, районалъул гIолилазулгун спорталъул отделалъул нач. А. МухIастанов, ПДНалъул инспектор Ш. Гумаров ва цогидалги.

Тадбир тIобитIиялъе аслияб гIилла букIана саназде рахинчIезда гьоркьоб наркомания, тIибитIизабунгутIи, гьезда экстремизмалъулгун терроризмалъул лъикIал гурел хIасилазул бичIчIизаби.

Спорт

# Баркула бергьенлъаби!




Гьанжеги нилъ рохизе кколеб хабар бачIана районалде спортивияб дунялалдаса. Нилъер гьитIинав ракьцояв Ислам ГIабдурахIмановас ТIогороссиялъул кIваралъул кIиго батIияб квер жубан рагъазулъ ракI чIараб бергьенлъи босана ва мустахIикълъана меседил медалазе.

Владикавказ шагьаралда тIоритIарал, Россиялъул культуриябгун спортивияб фестиваль «Мирный Кавказ» фестивалалда гьев бергьенлъиялда цеве вахъана 14-15 сонил гIумроялда ругел, 50 килограмалде щвезегIан цIайиялда.

Владиквказалда бергьун хадув Ислам ана Ставрополь шагьаралда тIоритIулел, дагьабги кIвар цIикIкIараб ТIолгороссиялъул «Кубок дружбы» турниралда гIахьаллъизе. Гьенив Ислам цеве вахъана 4 нухалда, кIиго дандчIвай гьес лъугIизабуна нокауталда, кIигоялда бергьана очказдалъун.

Нилъеца гIемер хъвана Исламил бергьенлъабазул. Республикаялъул кIваралъул турниразда гьев чанго нухалъ вахъана чемпионлъун. Гьанже гьесул руго ТIолгороссиялъул кIваралъул меседил медалалги.

Ислам ругьун гьавулев вуго «Полет» спортивияб школалда. Гьесул тренер ккола Зураб ГIалиев. Дие бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе тренер Зураб ГIалиевасе ва кутакалда вохарав вуго нилъерго республика бергьенлъабаздалъун бихьизабизе кIвеялдаса,-ян абуна Исламица.

Гьанже спортсмен хIадурлъулев вуго Северияб Кавказалъул Федералияб округалда тIоритIизе ругел къецазде. РакI-ракIалъ баркула Исламида тIадегIанал хIасилал ва гьарула хадурккунги чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби!

## Кьариял руччаби – гIакъилал

Абула кьариял руччаби хIалакъаздаса гIакъилал рукIунилан. Гьединаб хIасил гьабун буго жидерго цIех-рехаздаса хадуб США ялъул гIалимзабаз. Гьез 15 азарго чIужугIаданалъе тесталги гьарун дандеккун руго. ГIалимзабазул пикруялда, гIададнах лъикI хIалтIизе тIамула омега-3 кьаралъиялъул кислотаялъ. ГIемер квананагIан инсан гIакъиллъулин рикIкIунеб буго Америкаялъул гIалимзабаз. ГIакълу кванда гуреб тарбиялдаги ирсалдаги бараб бугин рикIкIуна психологаз.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**398940**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**51373**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 5. 10. 2019 г. 16:40
фактически -16:50 мин.
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.